# Жаслар ушын жаңа жумыс орынлары

Бүгин Тақыятас районы жаслары ушын районда " Тақыятас ТЕХ" ЖШЖ тәрепинен тазадан шөлкемлестирилип атырған кластер кәрханасына саяхат шөлкемлестирилди.

Саяхат даўамында шөлкемлестирилип атырған кәрхананың искерлиги, пахта цехи, текстиль фабрикасы, ҳаял-қызлар ушын тигиў-трикотаж цехлери ҳәм май-заводы жумысқа түсирилип атырғанлығы ҳәм ондағы инженерлик техникалер ҳаққында түсиник берилди. Кәрханада 2800 жаңа жумыс орынларын жаратыў жойбарластырылған болып ҳәзирден баслап дизим қәлиплестирилип атырғанлығы ҳаққында жасларымыз хабардар етилди. Жаңа кәрханада жумыс ислеў қәлеўин билдирген жасларымызды районлық бәнтликке көмеклесиў орайы тәрепинен кәсибке таярлаў ҳәм оқытыў жолға қойылғанлығы ҳаққында да түсиник берилди.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Тақыятас районы ҳәкимлигиниң Мәлимлеме хызмети